



Pou Piblikasyon Imedya: 14/01/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE NOUVO INISYATIV POU LITE KONT KRIZ
LOJMAN AK RANN LWAYE AK IPOTÈK PI ABÒDAB**

Pwopoze premye lejislasyon nasyon an nan tout Eta a pou konbat konplo nan zafè fikse pri lwaye atravè algorit yo

Nouvo investisman 100 milyon dola nan Fon pou Kominote an Favè Lojman an pral sipòte enfrastrikti esansyèl nan lojman

Kreye premye fon prè renouvlab Nouyòk la pou ankouraje devlopman lwaye ak revni miks andeyò Vil Nouyòk

Fè investisman odasye pou prezève lojman sipò nan tout Eta a

Ranfòse zouti pou debloke devlopman lojman, enkli reyamenajman pwopriyete vid ak istorik yo

Plan 5 ane Gouvènè a pou konstwi oswa prezève 100,000 inite lojman abòdab te fini a 50 pousan — Anvan lè ki te pwograme a

Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze jodi a yon plan odasye pou rann posede pwopriyete ak lokasyon kay pi abòdab nan kad diskou Eta Leta 2025 li a. Gouvènè a te pwopoze ranfòse Pwogram Kominotè an Favè Lojman (Pro-Housing Community Program) an nan investi 100 milyon dola pou sipòte pwojè enfrastrikti lojman enpòtan yo, kreye premye fon prè renouvlab eta a pou ankouraje devlopman lokasyon ki gen revni miks andeyò Vil Nouyòk, epi adopte lejislasyon pou rezoud pwoblèm konplo pwopriyete sou zafè fikse pri lwaye yo. Pwopozisyon sa yo baze sou [anons](#) Gouvènè a te fè semèn pase a sou nouvo etap pou rann pwopriyete kay pi aksesib epi abòdab pou tout Nouyòkè yo.

"Ogmantasyon pri lwaye ak ipotèk yo se prensipal koz kriz aksesibilite finansye e Nouyòkè yo bezwen èd nou," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Aprè yo fin adopte yon akò istorik sou lojman ane pase a, li lè pou kontinye batay la ak nouvo mezi pou rann lavi pi abòdab pou lokatè ak pwopriyete kay."

Gouvènè Hochul te travay ak Lejislati a sou yon [akò istorik sou lojman nan bidjè ane pase a](#), ak ankourajman pou nouvo konstriksyon ak pwoteksyon ranfòse pou lokatè. Akò sou lojman an baze sou [plan lojman senkan istorik 25 milya dola](#) Gouvènè Hochul pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab nan tout eta a, ki atenn ba 50,000 lojman abòdab an avans sou kalandriye a. Gouvènè Hochul te angaje tou [1 milya dola pou ede Vil Nouyòk vin yon "Vil Wi pou Opòtinite Lojman."](#) sa ki bay pi gwo rezonaj an favè lojman nan istwa vil la.

Debloke Devlopman Lokal

Kreye Fon Pwovizyon 100 milyon dola pou Lojman Eta Nouyòk

Gouvènè Hochul te siyen Dekrè Egzekitif 30 lan nan jiyè 2023 ki te kreye Pwogram Kominote an Favè Lojman, ki rekonèt ak rekonpanse minisipalite k ap travay aktivman pou debloke potansyèl lojman yo epi ankouraje lòt moun pou yo suiv egzanp. Nan Bidjè adpote ane fiskal 2025 Eta a, Gouvènè Hochul te fè deziyasyon "Kominote an Favè Lojman" yon kondisyon pou jwenn aksè jiska 650 milyon dola nan pwogram diskresyonè Eta a. Jiskaprezan, 270 lokalite yo te sètifye, ak plis pase 420 ki soumèt lèt entansyon soti nan tout kwen Eta Nouyòk. Pou sipòte plis lokalite k ap fè pati yo pou abòde kriz lojman an, Gouvènè Hochul pral kreye yon fon pou Pwovizyon pou Lojman 100 milyon dola pou Kominote an Favè Lojman ki sètifye pou ede ak pwojè enfrastrikti enpòtan ki nesèsè pou kreye nouvo lojman, tankou amelyorasyon enfrastrikti egou ak dlo.

Bay Kominote yo Asistans Teknik pou Vin an Favè Lojman

San resous, kèk kominote ka pa gen kapasite pou konsepsyon ak adopte politik pou lojman tankou plan jeneral, mizajou tèks sou repatisyon teritwa ak pwosedi otorizasyon senplifye. Pou ede asire ke plis lokalite ki vle ankouraje kwasans lojman gen kapasite pou fè sa, Gouvènè Hochul pral bay nouvo finansman sibvansyon pou ofri asistans teknik bay kominote k ap chèche ankouraje kwasans lojman ak devlopman minisipal ki asosye yo.

Senplifye Revizyon Anviwònman pou Devlopman Lojman Modès

Nouyòk ap senplifye règleman yo pou akselere konstriksyon plis kay pou fanmi ak moun yo pandan l ap aplike pwoteksyon anviwònman an. Gouvènè Hochul pral prezante yon pwopozisyon règleman pou pèmèt devlopman yon kay ki gen yon gwosè modès, tankou sèten lojman pou plizyè fanmi ki pa gen plis pase 930 mètr kare (10,000 pye kare) nan sipèfisi etaj brit, pou kontinye selon 'Tip II,' ki ofri yon chemen ki pi senp pou achèyman konstriksyon yo. Apwòch sa a non sèlman akselere konstriksyon kay ki nesèsè yo, men tou li adrese mank lojman abòdab Nouyòkè yo ap konfwonte chak jou. Lè nou senplifye pwosesis regilasyon an ak anpil atansyon, nou ka fasilite devlopman lojman alè, fè li pi aksesib pou fanmi ak patikilye yo.

Ranfòse Investisman nan Kominote yo

Lanse Premye Fon Prè Renouvlab pou Revni Miks Eta Nouyòk

Avèk gwo investisman ekonomik k ap vini nan nò Eta Nouyòk, tankou investisman 100 milya dola Micron nan Clay, eta a kontinye bezwen yon apwòch tout sa ki pi wo a pou rezèv lojman an pou abòde bezwen lojman epi fè ak kwasans anlwa. Twò souvan, sepandan, kominote nò eta yo pa gen zouti pou kreye lojman pou lokasyon revni miks, sa ki kite anpil devlopman pare pou pèmi men yo pa kapab jwenn finansman. Pou konble diferans sa a epi debloke plis lojman, Gouvènè Hochul pral lanse premye fon prè renouvlab Eta a pou ankouraje devlopman lokasyon ki gen revni miks andeyò Vil Nouyòk. Fon an pral konble mank ki genyen nan finansman konstriksyon lè li bay yon fòm kapital ki pi ba pri ak pi fleksib pase sa ki jeneralman disponib nan finansman mache. Finansman an pral renouvlab ak otonòm pi devan atravè ranbousman lè pwojè yo te konvèti nan finansman pèmanan apre konstriksyon.

Double Kredi pou Lojman Revni Fèb Eta Nouyòk

Enspire sou pwogram federal kredi enpo pou lojman revni fèb (Low Income Housing Tax Credit Program), pwogram kredi enpo pou lojman revni fèb Eta Nouyòk (State Low Income Housing Tax Credit Program, SLHIC) te pwomilge an 2000 ak jwe yon wòl esansyèl nan devlopman lojman pou fwaye ki gen revni fèb ak mwayen. Gouvènè Hochul pral bati sou siksè sa a lè li pwopoze pou double kantite kredi taks ki disponib atravè pwogram SLHIC, sa ki fè li pi gwo pwogram kredi taks pou lojman eta a nan Amerik la. Aksyon sa a sèlman pral jenere plis pase 210 milyon dola nan investisman prive nan lojman abòdab chak ane.

Debloke Kredi Taks Istorik lè yo Dekouple ak Elaji Elijibilite

Kounye a, lwa Eta Nouyòk egzije kredi Taks Istorik Federal ak Eta pou yo makonnen ansanm ak menm investisè a epi yo disponib sèlman nan sèten sektè resansman. Faktè sa yo bese valè ekonomik tou de kredi taks yo e san nesosite retire investisman nan pwojè lojman, yon pwoblèm ki te sitou grav nan kominote nò Eta Nouyòk yo. Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon ki ka debloke valè maksimòm kredi taks yo epi elimine egzijans pou kalifikasyon zòn resansman an.

Otorize Kominote yo pou Reyamenaj Pwopriyete Vid yo pou tounen Lojman

Anpil minisipalite ap lite pou jwenn ak reyamenaje ilding ki vid ak abandone. Anpil nan pwopriyete sa yo nan yon gwo eta delabreman akòz plizyè ane neglijan epi yo sitiye nan katye ki manke kondisyon ekonomik lokal ki nesese pou ankouraje reyamenajman atravè sektè prive a. An konsekans, investisman ki nesese pou reyamenaje pwopriyete sa yo ka depase valè yo ak mank finansman ki lakòz anpèchman reyabilitasyon pwopriyete. Gouvènè Hochul pral pi byen ekipe kominote yo pou yo goumen kont delabreman pandan l ap kreye plis opòtinite lojman abòdab, tou de nan pwopoze ranfòsman otorite minisipal ki egziste deja pou achte batiman vid ak abandone ak pwopoze pou otorize lokalite atravè eta a pou adopte yon egzansyon taks pou ankouraje reyamenajman pwopriyete sa yo an lojman abòdab.

Pwoteje Lojman Abòdab

Entèdi Konplo nan Kad Fiksasyon Pri Lwaye Gras ak Algorit

Sèvis lojisyèl jesyon byen imobilye yo ap itilize enfòmasyon esklizif ki soti nan baz kliyan yo pou pouse agresivman pwopriyete yo pou yo ogmante pri lwaye yo, menm lè yon ogmantasyon nan rezèv oswa yon ralantisman nan mache a ta lakoz yon bèss òganik pri yo. Done ki sot pase yo montre ke algorit fikstasyon pri yo te koute lokatè nan peyi a anviwon 3.8 milya dola anplis nan pri lwaye gonfle ane pase a sèlman. Konpayi lojisyèl yo pa kache ke algorit yo destine pou ogmante pri lwaye, ak kèk anons ke yo ka ede pwopriyete pwopriyete depase mache a, sa ki lakòz distòsyon nan mache lojman ak nwi lokatè yo nan yon kontèks lojman ak aksesibilite finansyè. Gouvènè Hochul pral pran aksyon pou pwoteje lokatè yo kont pratik sa yo lè li pwopoze yon entèdiksyon nan tout eta a sou vant oswa itilizasyon lojisyèl pou fikse pri lwaye yo.

Diminye Taks sou Lwaye Abri pou Rezidan Mitchell-Lama

Pwogram Mitchell-Lama sipòte 105,000 inite lojman ki abòdab pou fanmi ki gen revni fèb ak mwayen. Kounye a, devlopman Mitchell-Lama yo ka resevwa yon rediksyon taks sou lwayeabri pou diminye pati yo nan taks sou pwopriyete lokal yo. Sepandan, rediksyon taks aktyèl la souvan ensifizan pou fè fas ak ogmantasyon kwasans asirans, sèvis piblik, ak taks ki mete an danje kalite batiman ak sante finansyè nan rezèv kritik sa a nan lojman abòdab. Pou bay amenajman ki nesèsè anpil, Gouvènè Hochul pral pwopoze lejislasyon ki pral redui taks sou lwayeabri Mitchell-Lama a omwen mwaye nan Vil Nouyòk epi ki pral pèmèt menm bagay la tou pa mwayen opsyon lokal yo nan rès eta a.

Elaji Kapital pou Kenbe ak Amelyore Sipò Lojman

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) te pami premye pwogram nan peyi a sa gen plis pase kat deseni pou dedye resous kapital enpòtan nan kreye lojman, ki gen ladan lojman pèmanan abòdab ak sipò, espesyalman pou moun sanzabri. Plizyè dizèn de milye inite yo te konstwi depi kòmansman li, e jodi a, demann pou finansman depase sa ki disponib. Pou satisfè demann k ap grandi pou lojman sipò epi kenbe inite ki egziste deja yo ki ofri yon kote ki an sekirite pou anpil moun Nouyòk ki pi nan pwoblèm ak vilnerab pou lojman, Gouvènè Hochul pral ogmante finansman pou HHAP.

Ogmante Finansman pou Sipò Lojman

Gouvènè Hochul te fè investisman enpòtan yo pou elaji lojman sipò atravè Eta Nouyòk, li rekonèt ke lojman ki estab se fondasyon pou sante ki estab ak yon lavi ki estab. Founisè lojman sipò yo itilize de pwogram kle Eta finansè pou bay plizyè dizèn milye Nouyòkè sèvis vital, tankou moun ki gen maladi mantal grav ak pwoblèm itilizasyon sibstans ki ta otreman san kay. Inisyativ Lojman Sipò Empire State la (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI) te finansè sèvis sipò ak depans fonksyonman plis pase 9,600 inite lojman san danje epi pèmanan pou moun ak fanmi ki nan bezwen, epi Pwogram Lojman Sipò Eta Nouyòk (New York State Supportive Housing Program, NYSSHP) sipòte plis pase 20,000 moun k ap viv an sekirite epi ki estab nan lojman abòdab. Sepandan, founisè lojman sipò yo pa te iminize kont enpak ogmantasyon pri yo, ki menase akizasyon lojman fitii ak kapasite yo pou bay sèvis sipò yo ki fè pwogram sa yo inik ak siksè nan ede moun gen lojman estab. Pou garanti ke pak lojman ak sèvis

sipò Eta Nouyòk rete solid ak aksesib pou moun ki plis bezwen yo, Gouvènè Hochul pral pran mezi pou estabilize tou de pwogram yo.

Pwolonje Pwoteksyon Depo Garanti pou Lokatè ki Reglemante Lwaye yo

An 2019, Eta Nouyòk te bay lokatè yo nan to mache a nan tout eta a pwoteksyon pou depo sekirite yo, tankou mande pou retounen depo sekirite ki rete yo nan lespas 14 jou apre yo te kite inite a epi pèmèt lokatè yo mande yon enspeksyon pou detèmine sa ki bezwen remèd pou resevwa yon depo garanti nan entegralite l. Lokatè ki te anba rejim lwaye reglemante yo te sispann resevwa pwoteksyon enpòtan sa yo pa erè. Gouvènè a pral pwopoze lejislasyon pou bay lokatè ki reglemante lwaye yo menm pwoteksyon pou depo garanti yo ak tout lòt lokatè yo.

Ede Lojman Abòdab Aksede a yon Asirans Entèn pou Diminye Pri yo

Depans asirans pou lojman abòdab yo te monte byen wo, ak anpil pwopriyetè rapòte ke yo peye prim pi wo pou mwens kouvèti asirans epi lokatè yo sipòte yon pati ki ogmante nan depans yo. Nan dènye ane yo, yo te kreye asirans entèn prive yo, ki aparante ak oto-asirans epi ki pèmèt pou jesyon risk ki adapte, yo te kreye espesyalman pou pwopriyetè lojman abòdab. Sepandan, asirans entèn sa yo souvan gen nòm kalifikasyon pou patisipasyon, ki òganizasyon san bi likratif ka gen mal pou li repekte. Gouvènè Hochul pral bay pwopriyetè lojman abòdab san bi likratif pou yo fè reparasyon ak lòt mezi nesèsè pou yo ka kalifye pou konpayi asirans entèn sa yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta Nouyòk (New York State Homes and Community Renewal) la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "Nouyòk rete detèmine pou lite kont kriz lojman an. Soti nan yon nouvo fon prè renouvlab revni miks oswa inisyativ ki vize pou ogmante òf epi kenbe depans pou lokatè yo, politik inovatè ak angajman finansman sa yo pral ede fanmi yo jwenn kay abòdab nan kominote atravè eta a. Nou remèsye Gouvènè Hochul pou vizyon odasye li sou lojman e nou espere travay avèk patnè nou yo sou règleman sa yo."

Komisè Biwo Eta Nouyòk pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape (New York State Office of Temporary and Disability Assistance), Barbara C. Guinn, te deklare, "Nou remèsye Gouvènè Hochul pou ogmantasyon investisman siyifikatif nan lojman abòdab ak sipò pou kenbe Nouyòkè vilnerab yo ki sanzabri an sante, an sekirite, ak nan yon lojman ki estab. Nouvo investisman k ap kontinye nan devlopman, prezèvasyon ak operasyon lojman sipò yo pral gen yon enpak pozitif enpòtan sou efò k ap kontinye pou nou rezoud pwoblèm sanzabri yo epi benefisyè kominote yo atravè eta a."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)